



Pou Piblikasyon Imedya: 25/03/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE LANSMAN ENSTITI LIDÈCHIP ISPANIK NAN SUNY

Enstiti an va Sèvi Modèl Nasyonal pou Devlopman ak Pwomosyon Dirijan Latino osen Enstitisyon Ansèyman Siperyè

Nouvo Konsèy Konsiltatif la pral Rekrute e Prepare yon Nouvèl Jenerasyon Lidè Latino nan SUNY

Valorize Pwogram Devlopman Lidèchip pou Dirijan – Bous, Estèna, Konferans – Pou atire Nouvo, Bonjan Kalite Lidè Ispanik nan SUNY

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse lansman Enstiti Lidèchip Ispanik osen Inivèsite Eta New York (State University of New York (SUNY) Hispanic Leadership Institute). Enstiti an responsab devlopman ak ankadreman yon nouvèl jenerasyon lidè ak dirijan latino osen sistèm SUNY an. Antanke pi gwo sistèm ansèyman siperyè piblik total-kapital nan peyi Etazini, SUNY pran angajman avèk tout fòs konviksyon li pou li tounen sistèm inivèsite ki pi divès nan peyi a. Pou atenn objektif sa a, Konsèy Konsiltatif Lidèchip Latino (Latino Leadership Advisory Council) inivèsite a, ki anba direksyon Dr. Ricardo Azziz, Rektè Afè Akademik ak Afè Medikal (Academic and Hospital Affairs) SUNY, pral rekrute e antrene lidè ispanik pou yo tounen pi gwo kad ki genyen nan sistèm SUNY an.

“Nan New York, nou panse divèsite se pwen fò nou, e Enstiti Lidèchip Ispanik yo fèk mete sou pye a pral travay pou fòme yon nouvèl jenerasyon lidè latino nan SUNY,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Inisyativ sa a ap ofri lidè demen yo eksperyans, konpetans, ak fòmasyon yo bezwen pou reyisi, epitou li asire lidèchip osen sistèm SUNY an reflekte fòs kominote New York.”

Enstiti Lidèchip Ispanik SUNY an pral konsantre sou devlopman, retansyon e pwomosyon lidè ispanik nan SUNY pou pozisyon tankou prezidan inivèsite, rektè, direktè finansye, e direktè komèsyal. Travay Enstiti Lidèchip Ispanik SUNY an pwal jwenn direktiv nan men yon Konsèy Konsiltatif distenge, ki konpoze de 15 lidè leta ak lidè nasyonal ki rekoni osen kominote ispanik lan ak kominote inivèsite a.

Enstiti an pral ofri yon pwogram bous ennan, kote manadjè ak dirijan latino nivo

mwayen e nivo siperyè pwal suiv prezidan twa kanpis SUNY, epitou senten kad nan Sistèm Administrasyon SUNY nan Albany. Enstiti Lidèchip Ispanik SUNY an pral ofri tou lòt opòtinite devlopman ki dire mwen lontan pou lidè ispanik nivo mwayen ki ta renmen jwenn yon djòb nan kabinè prezidan SUNY pou avanse nan karyè yo. Enstiti an pral òganize tou yon Konferans de jou sou Lidèchip Latino (Latino Leadership Conference) pou manm fakilte nan tout SUNY.

Enstiti an pral ofri pwogram ak ankadreman sib sa yo pou asire gen bonjan lidè ispanik osen SUNY:

- **Ankadreman Endividyèl.** Enstiti an ap devlope evalyasyon endividyèl ak pwogram devlopman pou Latino ki lidè deja oswa ki sou wout pou tounen lidè, pou asire pwogrè ak siksè yo.
- **Konsyantizasyon ak Aktivite Edikasyon.** Enstiti an pral patwone konferans ak evènman avèk senten lidè atravè SUNY, pami lèkèl Komisyon Konsèy Administrasyon SUNY (SUNY Board of Trustees), pou konsyantize yo pi byen, fè yo konprann e konnen pwoblèm ki konsène lidèchip latino.
- **Fòmasyon yon Komite Rechèch.** Enstiti an ap travay avèk Responsab Anchèf Divèsite SUNY pou devlope direktiv e ede asire ke komite rechèch yo resevwa fòmasyon e konprann kijan pou yo idantifye kandida ispanik ki konpetan e apwopriye.
- **Idantifikasyon Kandida.** Enstiti an ap travay avèk Komisyon Konsèy Konsiltatif la ansanm ak yon rezo lidè ki pi gwo toujou, toupatou nan peyi a, pou ede idantifye kandida ispanik apwopriye pou pozisyon lidèchip nan SUNY.
- **Resous ak Aktivite Rechèch.** Enstiti an pral sèvi kòm yon resous pou moun ki bezwen enfòmasyon konsènan defi ak opòtinite ki genyen pou lidè latino yo osen enstitisyon ansèyman siperyè yo nan Eta New York epi onivo nasyonal; epitou yo pral fè jefò pou antreprann e patwone rechèch nan domèn devlopman, retansyon, ak siksè lidè ispanik yo.

“SUNY wè yon ogmantasyon san souf nan kantite etidyan ispanik ak latino ki vini sou kanpis nou yo pandan dènye ane yo. Yo reprezante prèske 12 pousan, oswa 50,000 etidyan, pou ane akademik 2015-2016 la,” **H. Carl McCall, Manm Konsèy Prezidansyèl SUNY, te di.** “Nan kad Règleman sou Divèsite, Tretman Egal Ego, ak Enklizyon SUNY an, nou pran angajman pou asire ke lidè ak manm fakilte kanpis la se yon refleksyon etidyan y ap sèvi yo. Enstiti Lidèchip Ispanik Gouvènè Cuomo an pral kontribye a jefò SUNY ap fè pou satisfè bezwen san parèy etidyan ispanik nou yo genyen, e mete sou pye pwogram akademik ak sèvis ankadreman nou konnen pral ede yo reyisi.”

“SUNY montre li se yon lidè nasyonal nan zafè rekritman, retansyon ak pwomosyon entelektyèl eksepsyonèl nou yo, ki gen tout kalite orijin - e Enstiti Lidèchip Ispanik la se yon lòt gwo etap nan kad jefò sa yo,” **Nancy Zimpher, Chanselye SUNY, te di.** “Inisyativ enpòtan sa a nan menm lanse ak bon jan travay nou te reyalize pou ogmante divèsite nan nivo ki pi wo nan SUNY. Lè nou rasanble lidè onivo inivèsitè, nou ka asire SUNY ap kontinye atire bon jan kalite lidè latino sou kanpis nou yo pou ane k ap vini yo.”

“Lè nou kontinye rasanble moun ki gen tout kalite orijin e ki soti nan tout kalite kominote, nou kreye plis defi pou ekselans akademik e nou asire SUNY kontinye sèvi lidè pou peyi a grasa bon jan kalite edikasyon pou etidyan nou yo,” **Dr. Ricardo Azziz, Rektè Afè Akademik e Afè Medikal SUNY, te di.** “Enstiti Lidèchip Ispanik lan ap atire nouvo talan pami lidè latino yo nan SUNY e kontinye ba nou bèl repitasyon pou ekselans akademik. Mwen bat bravo pou Gouvènè a poutèt li vle asire New York rete yon limyè espwa, nan zafè enklizyon ak opòtinite, e m ap kontan asire SUNY kontinye yon enstriman pou reyalizasyon misyon sa a.”

“Nan New York, nou konnen divèsite se pwen fò nou, e lè enstitisyon nou yo pi divès, nou fè yo pi djanm,” **Manm Asanble Marcos Crespo te di.** “Enstiti Lidèchip Ispanik SUNY an pral atire lidè ki gen potansyèl; I ap mize sou anbisyon yo pou ba yo bourad, e I ap fòme yon nouvell jenerasyon lidè. Enstiti inovatè sa a pral sèvi kòm yon modèl nasyonal pou tout rès peyi a suiv pou valorize lidè ispanik yo osen enstitisyon inivèsitè yo. Mwen pral travay avèk Gouvènè Cuomo pou pote plis divèsite toujou nan kad lidèchip nan sistèm SUNY an ak toupatou nan eta New York.”

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418